

BAB V

KACINDEKAN JEUNG REKOMÉNDASI

1.1 Kacindekan

Dumasar kana déskripsi bab IV, dina ieu panalungtikan kapanggih hal-hal saperti ieu di handap.

a) Minat maca siswa kelas VII.C SMP Pasundan 4 Bandung taun ajaran 2011/2012 kagolong cukup rata-rata (78%). Dumasar hasil panalungtikan:

- 1) Minat nyadiakeun waktu pikeun maca téks basa Sunda kaasup kriteria luhur (87,1%).
- 2) Nangtukeun tujuan maca téks basa Sunda kaasup kriteria cukup (74,3%).
- 3) Alesan maca téks basa Sunda kaasup kriteria luhur (87,1%).
- 4) Frekuensi maca téks basa Sunda kaasup kriteria luhur pisan (97,4%).
- 5) Mimiti ngalakukeun kagiatan maca téks basa Sunda kaasup kriteria luhur pisan (100%).
- 6) Nepikeun deui eusi ka babaturan kaasup kriteria luhur (82,0%).
- 7) Tempat pikeun maca téks basa Sunda kusabab kaasup kriteria handap (58,9%).
- 8) Usaha pikeun ngabogaan buku kaasup kriteria luhur (84,6%).

- b) Kamampuh ngagunakeun kandaga kecap siswa kelas VII.C SMP Pasundan 4 Bandung taun ajaran 2011/2012 kagolong luhur pisan rata-rata (108). Dumasar hasil panalungtikan: a) harti kecap kaasup kriteria handap rata-rata (44), b) gaya basa kaasup kriteria handap rata-rata (43), c) istilah kaasup kriteria luhur pisan rata-rata (80), jeung d) tatakrama basa kaasup kriteria cukup rata-rata (52).
- c) Aya hubungan anu signifikan antara minat maca téks basa Sunda jeung kamampuh ngagunakeun kandaga kecap. Dumasar kana itungan korélasi katitén yén r itung nya éta 0,99 jeung r tabel 0,227 ku kituna, bisa dicindekkeun yén H_0 ditarima jeung H_i ditolak. Hartina, "Siswa anu minat maca téks basa Sunda luhur (positif), kamampuh ngagunakeun kandaga kecapna luhur, sabalikna anu minat maca téks basa Sunda handap (negatif) kamampuh ngagunakeun kandaga kecapna handap".

Tina pedaran di luhur, di informasikeun yén:

- 1) Minat maca téks basa Sunda siswa kelas VII SMP Pasundan 4 geus kaasup cukup (78%),
- 2) Kamampuh ngagunakeun kandaga kecap siswa kelas VII SMP Pasundan 4 Bandung di katégorikeun luhur (108), jeung
- 3) Hubungan antara minat maca téks basa Sunda jeung kamampuh ngagunakeun kandaga kecap siswa kelas VII SMP Pasundan 4 Bandung signifikan atawa aya hubungan.

1.2 Rékoméndasi

Dumasar kana kacindekan di luhur aya sababaraha rékoméndasi pikeun ningkatkeun deui minat maca téks basa Sunda jeung kamampuh ngagunakeun kandaga kecap siswa kelas VII SMP Pasundan 4 Bandung Taun Ajaran 2011/2012.

Rékomendasi pikeun siswa:

- 1) Siswa kudu leuwih ngaronjatkeun deui kagiatan maca hususna maca téks basa Sunda, ku cara leuwih mindeng datang ka perpustakaan, atawa leuwih loba meuli buku nu aya hubunganna jeung basa Sunda pikeun nambahan pangaweruh dina kasundaan.
- 2) Siswa kudu ngabogaan heula rasa kareueus atawa resep kana kagiatan maca sangkan bisa leuwih gampang ngarti kana pelajaran basa Sunda nu dibéré ku guru di kelas.
- 3) Siswa kudu bisa ngatur waktu pikeun kagiatan maca sangkan bisa ngalancarkeun deui basa Sundana jeung nambahan deui kabeungharan kecap basa Sundana.

Rékomendasi pikeun guru:

- 1) Guru kudu leuwih aktip kana usaha dina ngaronjatkeun minat maca jeung kandaga kecap basa Sunda, salasihijina milih métode jeung téhnik pangajaran anu leuwih variatif tur inovatif.
- 2) Guru kudu bisa ngayakeun hiji kagiatan nu ngarojong kana minat maca jeung kandaga kecap basa Sunda sangkan siswa bisa leuwih ngarti kana pelajaran basa Sunda, salasihijina ngayakeun kagiatan pasanggiri maca dongéng jeung lomba cerdas cermat ngeunaan basa Sunda pikeun nambahan kabeungharan kecapna.

- 3) Guru kudu ngamotivasi siswa ngeunaan basa Sunda sangkan siswa leuwih sumanget kana diajar basa Sunda.

Rékomendasi ka pihak sakola:

- 1) Fasilitas anu ngarojong kana maca kudu ditambah deui, saperti buku-buku sunda.
- 2) Penjaga perpustakaan kudu aya sangkan siswa nu rék maca di perpustakaan bisa asup.

Rékomendasi pikeun panalungtik:

Kudu aya panalungtikan anu leuwih jembar deui ngeunaan minat kana kagiatan maca hususna basa Sunda jeung kandaga kecap. Sangkan siswa bisa leuwih motékar deui dina widang mata pelajaran basa Sunda di sakola sabab basa Sunda ayeuna keur digalakkeun deui di unggal sakola-sakola.

Mudah-mudahan ku ayana rékomendasi-rékomendasi di luhur, aya mangpaatna pikeun ngaronjatkeun minat maca téks basa Sunda jeung kamampuh ngagunakeun kandaga kecap hususna, pangajaran séjén umumna.